



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP LANSE VIZIT NAN BIS POU ADOPTE DOKIMAN LWA SOU PWOTEKSYON ZAM DRAPO WOUJ LAN

Gouvènè a Lanse Vizit Lekòl Nan Bis yo Atravè Eta a an Solidarite avèk Elèv yo, Pwofesè yo, ak Administratè Lekòl yo An Sipò a Refòm Bon Sans sou Zam lan

Dirijan Long Island yo Te Andose Pwojè Lwa Ke Gouvènè Cuomo Te Pwopoze a pou Bay Pwofesè yo ak Administratè Lekòl yo Mwayen pou Anpeche Fiziyad nan Lekòl yo gras a Pouswit Entèkansyon Tribinal

Governor Andrew M. Cuomo te lanse jodi a yon kanpay atravè eta a pou adopte [Dokiman Lwa](#) sou Pwoteksyon Zam Drapo Wouj lan (Red Flag Gun Protection Bill), ke yo konnen tou sou non Dokiman Lwa Odonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm lan (Extreme Risk Protection Order Bill), ke Gouvènè an te pwopoze semèn pase a. Vizit nan bis lan te kanpe nan Plainview - Old Bethpage John F. Kennedy High School ki nan Plainview, rasanble ansanm otorite lokal ki eli yo, pèsonèl lekòl, ak elèv yo an sipò a dokiman lwa a. An plis, dirijan Long Island yo te andose dokiman lwa a, ki ta pral anpeche pou moun ke yon tribinal detèmine ki gen potansyèl pou lakòz tèt pa yo oswa lòt moun lapèn yo achte, posede, oswa eseye achte oswa posede nenpòt modèl zam, ki gen ladan yo pistòlè, fizi, fizi chas to. Pwojè lwa sa ap ajoute sou lwa sou zam nasyon an ki pi djanm nan New York lan ak efò lejislatif anvan yo, epi, si yo adopte li, li ta pral fè New York vin premye Eta nan peyi Etazini pou bay pwofesè ak direktè lekòl yo mwayen pou anpeche fiziyad nan lekòl yo apati pouswit entèkansyon tribinal yo.

“New York pa pral rete kanpe epi rete tann pou Washington pran mezi kont vyolans ak zam ak fiziyad nan lekòl yo ki te vin twò komen nan peyi sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Paran yo pa ta dwe pè voye pitit yo lekòl chak jou, epi pwofesè yo pa ta dwe ap mande tèt yo si yo pral retounen lakay yo apre yo soti nan travay yo. Ansanm, nou kapab epi nou pral adopte pwojè lwa bon sans sou zam sa a, epi nou pral kontinye batay pou asire ke vyolans ak zam yo pa gen plas yo nan gwo eta sa.”

“Si yon kòlèg konpayon oswa elèv poze yon menas oswa danje ke yo demontre pou lòt moun yo, nou pa ta dwe pèmèt yo posede yon zam”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Ak pwojè lwa sa, nou ap kontinye pouse pou rive pran mezi bon sans sou zam yo lè n’ap bay pwofesè ak administratè yo dwa pou yo rapòte epi posibleman anpeche yon trajedi tèrib. Vyolans ak zam yo te lakòz yon lapèn enòm sou

kominote nou yo, epi New York ap mennen nan nasyon an nan yon efò pou pwoteje elèv nou yo epi sove lavi.”

Dirijan Long Island nou pral site la yo te andose Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm nan:

- Chèf Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone
- Chèf Egzekitif Konte Nassau la, Laura Curran
- Lejislatè Konte Suffolk la, Monica Martinez
- Lejislatè Konte Suffolk la, Bill Lindsay
- Lejislatè Konte Suffolk la DuWayne Gregory
- Lejislatè Konte Nassau a Arnie Drucker
- Sipèvizè Komin Hempstead lan Laura Gillen
- Sipè-entandan Lorna Lewis, Plainview-Old Bethpage John F. Kennedy High School

Etabli Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo pou Sove Lavi

Sou lwa eta aktyèl lan, yo ka retire zam nan men yon moun ki sijè a yon òdonans pwoteksyon tanporè ke yon tribinal kriminèl oswa familyal te bay, men yon tribinal kapab sèlman bay yon òdonans pwoteksyon tanporè an koneksyon a yon pwosedi enfraksyon kriminèl oswa familyal. Pa gen lwa ki egziste aktyèlman nan Eta New York ki ap pèmèt yon tribinal bay yon òdonans pou sezi tanporèman zam yon moun ke yo kwè poze yon menas danje grav pou tèt li, oswa lòt moun, amwens ke yo te akize moun sa tou de yon krim oswa enfraksyon familyal.

Sa ki gen pou vini nan lwa a ap pèsiste, malgre reyalite ke manm fanmi an yo souvan kontakte lapolis lè yo pè akòz yon moun ke yo renmen poze yon menas vyolans pou lòt moun ak tèt pa yo. An plis, okenn eta nan nasyon an aktyèlman pa bay pwofesè ak direktè lekòl li yo pouvwa pou yo anpeche fiziyad nan lekòl yo apati pouswit entèvansyon tribinal.

Lwa a ta pral bay tout sofgad pwosediral ki nesèsè yo pou asire ke yo pa retire okenn zam san pwosesis ki nesèsè yo pandan ke y’ap asire ke trajedi tankou fiziyad nan lekòl nan Parkland, Florida ak masak masif nan Waffle House ki nan Nashville, Tennessee yo pa repete ankò. Nan toulède ka sa yo, divès moun te rapòte moun ki te tire moun yo kòm yon moun ki deranje epi danjere, epi sepandan yo te pèmèt li achte epi posede zam mòtèl yo. Yon òdonans pwoteksyon risk ekstrèm te ka anpeche yon pakèt lanmò ki pa nesèsè.

Pwolonje Peryòd Atant pou Verifikasyon Antesedan yo

Gouvènè Cuomo a [te pwopoze](#) anvan sa pwojè lwa pou etabli yon peryòd atant dis jou pou moun yo pa’t apwouve imedyatman pou yo achte yon zam atravè Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstan Nasyonal la (National Instant Criminal Background Check System, NICS). Lwa federal ki an vigè a egzije vandè zam yo pou yo mennen verifikasyon antesedan NICS sou yon achtè potansyèl yo avan yo vann li yon zam afe, sa ki imedyatman ofri yon vandè youn nan twa notifikasyon posib. Notifikasyon sa yo gen ladan “avanse”, “refi”, oswa “retade”. Nan ka yon repons

“retade”, vandè a dwe tann twa jou avan vant lan elijib pou l vanse, menm lè FBI ap kontinye envestige pase moun lan apre delè twa jou a. Souvan, avan yo ka detèmine ke achte potansyèl la te, an fèt, inilijib, yo te deja vann moun sa a yon zam afe apre peryòd twa jou a fini. Pwolonjman peryòd atant dis jou a ta pral pèmèt gen tan ase pou yo fin konplete verifikasyon antesedan yo, epi ajoute sou efò lejislatif yo pou asire ke sèlman sila yo ki elijib pou yo achte epi posede yon zam yo kapab fè sa.

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, “Lè yon moun montre siy avètisman ke yo poze yon risk danje grav pou tèt pa yo oswa lòt moun, pwofesè, administratè lekòl ak manm fanmi yo souvan obsève siy avankourè sa yo. Men nan New York, menm si yo rapòte enkyetid sa yo, fòs lapolis yo ka pa gen otorite pou ka aji epi ede anpeche trajedi vyolans ak zam yo. Yon Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm tanporè ta pral limite aksè yon moun a zam yo si yo poze yon risk grav, pandan ke y’ap bay pwoteksyon pwosedi ke yo dwe bay ak dwa pou fè apèl. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li pran pwoblèm sa epi li ap fè vanse pwojè lwa sa. Li pral sove lavi”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Gouvènè Cuomo te konstaman montre ke li se yon lidè nasyonal nan adopte mezi sekirite bon sans sou zam yo. Pwojè lwa pi resan sa pral bay pwofesè yo mwayen -- epi pèmèt yo fè sa ke yo reyèlman vle fè -- anseye. Kounye a se moman pou nou pwoteje timoun nou yo epi mete fen nan vyolans ak zam yo nan New York yon fwa pou tout, epi mwen pral travay san fatige ak dirijan lokal nou yo pou kapab asire ke pwojè lwa sa vin tounen lwa”.

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Elèv yo merite santi yo an sekirite epi ke yo byenvini nan lekòl yo pandan ke y’ap resevwa pi bon edikasyon posib. Gouvènè Cuomo ap pran mezi pou fè vanse Dokiman Lwa Drapo Wouj lan pou sofgade sal klas nou yo. New York ap mennen nan nasyon an nan sa ki gen a wè ak aksyon, epi mwen egzòte lidè eta nou yo adopte dokiman lwa sa pou vin tounen lwa imedyatman”.

Ofisye Ki Ap Prezide Kò Lejislatif Konte Suffolk lan DuWayne Gregory te deklare, “Vyolans ak zam san sans ke nou tande pale de yo prèske chak jou yo dwe fini. Li klè ke pwoblèm sa pa pral rezoud tèt li, sepandan Washington ak dirijan nasyon nou an yo refize pran mezi. Erezman, isit la nan New York, Gouvènè nou an te priyorize refòm sou zam lan sou tout lòt bagay, epi li te kontinye fè vanse pwojè lwa pou ka kenbe moun New York yo an sekirite epi anpeche moun ki danjere yo jwenn zam. Mwen ap sipòte Gouvènè Cuomo totalman nan batay li an kont vyolans ak zam ak fiziyad masif yo, epi mwen enplòre lejislatè New York yo sipòte dokiman lwa sa epi fè li adopte”.

Lejislatè Konte Suffolk la, Monica Martinez, te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè an poutèt li bay yon egzantp pou rès nasyon an epi pran yon pozisyon nan yon moman kote gouvènman federal nou an te vire do li bay jèn Ameriken yo. Moun New York yo te pale epi yo te tande apèl pou sekirite pou zam ak refòm yo atravè eta a ak pi lwen ankò. Nan defann pwojè lwa revolisyonè sa, Gouvènè Cuomo ap montre egzakteman kisa priyorite li yo ye, ki se pwoteje sitwayen New York yo epi asire ke lekòl nou yo se bon jan kalite anvivònman, ki sekirize epi enklizif pou elèv tout laj yo”.

Palmantè Konte Suffolk la Bill Lindsay te deklare, “Pi gwo priyorite nou antan ke moun k’ap fè lwa yo se pou pwoteje popilasyon ki pi vilnerab nou yo -- timoun nou yo. Mexi sekirite pou zam yo tankou òdonans pwoteksyon kont risk ekstrèm lan pral bay

pwofesè nou yo mwayen epi ogmante sekirite nan distrik eskolè atravè eta a. Mwen fyè pou mwne kanpe ansanm ak Gouvènè Cuomo pou sipòte pwojè lwa sa”.

Lejislatè Konte Nassau a Drucker te deklare, “Aktyèlman nou ap viv nan yon moman kote elèv yo ap mande tèt yo kilè —pa si— vyolans ak zam pral rive nan lekòl yo. Olye pou nou bay valiz ki blende epi ekipe pwofesè yo ak zam, nou dwe derasinen sous vyolans sa lè n’ap retire zam nan move men yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li ap batay pou timoun nou yo lè Washington pa pral fè sa, epi poutèt li ap aji kòm yon lidè nan nasyon sa pou swiv nan sa ki gen a wè a refòm bon sans sou zam lan. Dokiman lwa sa ap kenbe New York san dout ki ap vanse nan bòn direksyon an epi nou ka sèlman espere ke rès peyi a ap swiv egzanp sa”.

Sipèvizè Komin Hempstead lan Laura Gillen te deklare, “Antan ke alafwa yon paran ak yon lidè pi gwo minisipalite Amerik, sa rann mwen malad pou mwen wè vag vyolans ak zam ki ap gaye atravè nasyon an. Nou pa ka rete chita san fè anyen pandan ke peyi nou an ap sibi yon fiziyad nan lekòl chak semèn, jiskaprezan, ane sa. Kidonk mwen fyè pou mwne kanpe ak Gouvènè Cuomo epi sipòte efò li ap fè yo pou ogmante yon fason pwoyaktif sekirite pou zam yo atravè Eta nou an epi abòde flewo tèrib sa anvan li vin pi mal”.

Sipè-entendan Plainview-Old Bethpage lan Lorna Lewis te deklare, “Nou dwe mete yon bout nan flewo vyolans ak zam lan ki te afekte twòp nan lekòl nou yo. Erezman, nan New York, nou gen yon Gouvènè ki angaje nan pran mezi epi fè chanjman ki ap fè enpak ki pral ranfòse sekirite nan lekòl nou yo. Dokiman lwa Drapo Wouj lan pral sove lavi epi pote fokis ki apwopriye sou sante mantal. Mwen ankouraje kò lejislatif nou an pou yo rasanble ansanm nan lespri bi-patizan, epi adopte dokiman lwa ke Gouvènè an te pwopoze kounye a anvan ke okenn lòt timoun ak pèsonèl nou yo soufri”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)